CIVIC ACTION TEAMS

Coronavirus CivActs Campaign presents

# FAIR FACTS

अंक
१०९
२४।०२।२०७८




## कोभिडके कारणसँ मृत्युभेल बाबुजीके स्मृतिमे रोशी अस्थाई अस्पतालके सामान सहयोग करैत बेटा भक्त लामा ।

*तस्विर: रोजन तामाङ*



चीन सरकारसँ अनुदानमे भेरोसेल खोप ६० सँ ६४ वर्ष उमेर समुहके आदमीके २०७८ जेष्ठ २५ गते सँ लगाएल जेतै ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**कारी फुफरी कोभिड - १९ के सब बिमारीमे देखाईत छै कहिक हल्ला छै ।**

कोभिड - १९ के संक्रमण भेल सब बिमारीमे ई रोग नै देखाई छै ।

---

**२४ सो घण्टा बिमारीके सेवामे खटवला स्वास्थ्यकर्मी अपने संक्रमित भेलापर अकेले।**

परिवारके साथ आ सहयोग जरुरत भेल समयमे ऊ २० दिन अकेले रहलैथ ।

---

**लकडाउनके अवधिमे दर्ता भेल जम्मा घटनामे सँ १४८ टा घटना हिंसात्मक ।**

सरकारके जवावदेही बनाव नागरिक गैर जिम्मेबार बनिरहल दृष्य बढिया संकेत नै करैत छै।

# फयाक्ट सिट

## विभिन्न मित्र राष्ट्र तथा संघसंस्थासँ नेपाल सरकारके सहयोग स्वरुप प्राप्त स्वास्थ्य सामानसभ तथा उपकरण



रेपिड एन्टिजेन टेस्ट
**१,२७,६५,०२५ थान**



पिसिआर टेष्ट किट
**१,४०,७६० थान**



पल्स अक्सिमिटर
**४६०० थान**



अक्सिजन कन्सन्ट्रेटर
**११८ युनिट**



भेन्टिलेटर
**७१ थान**



अक्सिजन सिलिण्डर
**१,०१० थान**



मास्क
(केएन ९५ र सर्जिकल)
**५१,८७,३०० थान**



ग्लोब्स्
**२६,६४,५०० थान**



पिपिई
**१९,५२० थान**



फेस सिल्ड
**३,९६,२०० थान**

चीन, स्पेन, स्वीजरल्याण्ड, संयुक्त राज्य अमेरिका, टेमासेक फउण्डेसन, बेलायत, फिन्ल्याण्ड, थाइल्याण्ड, One Heart Worldwide Nepal, आईएमई समूह, फ्रान्स, युएई, बेल्जीयम, कोरिया, गैर आवासिय नेपाली संघ मध्यपूर्वसँ नेपाल सरकारके प्राप्त सामानसभके विवरण मई, २०२१ सँ ७ जुन, २०२१ तकके छै । अई अवधीमे उपर कहलगेल बाहेक किछ आरो सामानसभ सेहो प्राप्त भेल छै ।

Source: https://www.facebook.com/mohpnep

# हल्ला आ तथ्य

?

अखन फेर कोभिड-१९ के बिमारीके आँईखमे कारी फुफरी देखायवला नयाँ रोग आएल छै कहादन, ई त आरो डरावना छै से कहैत छै । धिरे धिरे कोभिड - १९ के सब बिमारी सभमे देखैतै कहिक हल्ला छै ।

अखन कोभिड - १९ के बिमारीमे देखाएल म्युकोर्माइकोसिस् (आँईखमे देखायवला कारी फुफरी) नयाँ रोग नै छै । ई प्राय: उच्च चिनीरोग, बिमारीके ईलाजके बाद आ किछ मात्रामे क्यान्सरके बिमारीके ईलाजके क्रममे होबवला रोग प्रतिरोधात्मक क्षमतामे आबवला कमीके कारण सँ देखाईत छै । एकर संक्रमण कोभिड - १९ के बिमारीमे ईलाजके क्रममे आ संक्रमण भेलाके १० सँ ६० दिन भित्तर सेहो देखाएल छै । एना कहिते मे कोभिड - १९ के संक्रमण भेल सब रोगीमे ई रोग नै देखाईत छै । अईके ईलाज छै आ ऊ ईलाज रोग प्रतिरोधात्मक क्षमताके विकास भेनाई छै । ओकर ईलाजके लेल एक सप्ताह सँ महिना दिन तक समय लागत कहलगेल छै ।

Source: https://drive.google.com/file/d/1XZ_3BxuvJZyB2qPAdlxgRH0pMMXJajAz/view

?

सरकार कोभिड - १९ के पहिल मात्रा खोप लगाबके लेल अनलाईन फारम भर कहने छलै, दुर्गमके नागरिक केना भरतै ई फारम ? ई फारम नै भरलापर खोप लगाब सँ वञ्चित त नै हेतै ?

दुर्गम या इन्टरनेटके सुविधा नै भेल जगहके लेल नजिकके स्वास्थ्य संस्था या वडा कार्यालयमे जालक फारम भरके व्यवस्था मिलाएल गेल छै । एना पहिलेही फारम भरने आदमीके बादमे खोपके उपलब्धता आ उमेर समुहके प्राथमिकताके आधारमे अलगे लाईनमे व्यवस्था कल खोप लगाएल जेतै । लेकिन, पहिले फारम नै भरनेसभके खोप सँ वञ्चित नै कएल जेतै ।

Source: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2401

?

निषेधाज्ञाके अवधीमे खाद्यान्न तथा खाना पकावबला ग्याँसमे २० प्रतिशत छुट भेटतै कहलगेल छलै, कहाँ त आरो दाम बैढगेल छै ?

निषेधाज्ञाके अवधीभैर खाद्य तथा व्यापार कम्पनी आ साल्ट ट्रेडिङ कम्पनीसँ बिक्री होबवला चाउर, आटा, दाईल, नुन, खानेतेल, चिनी आ खाना पकाबवला ग्याँसके बिक्री मुल्यमे छुट भेटतै कहने छै । कोनो भी खुद्रा दुकानमे ई छुट लागु नै हेतै ।

Source: https://mof.gov.np/uploads/document/file/

# कोभिड - १९ के अवधिमे विवाद

## लकडाउनके अवधीमे उठल काला बजारी, विरोध, तोडफोड लगाएतके घटनासभ

वास्तवमे कि बात अपनासभके मृत्युके मुहमे पहुँचारहल अछि ? विषाणु ? या **भ्रष्टाचार, अप्रभावकारी व्यवस्था** आ **ईमान्दार नेतृत्वके कमी** ?

### फेब्रुअरी २०२० सँ मार्च २०२१ तक दर्ता भेल घटनासभ







*स्पष्टिकरण: ई आँकडा अनलाईन संचार, राष्ट्रिय दैनिकसभ, जिला स्तरमे प्रकाशित होबवला पत्रपत्रिकासभ आ नेपाल प्रहरीके वेवसाईटसँ संकलन कल एकिकृत कएलगेल छै । तै सँ, अई सँ वास्तविक आँकडा सँ बेसी निर्धारित समयमे सम्बन्धित घटनाके प्रवृतिके उजागर करैत छै ।*

उपरके आँकडा सँ जनवरी २०२० सँ अखनतक नागरिक आ सरकार बीच उत्पन्न भेल विवाद/प्रतिरोधके घटनाके बृद्धिदरके देखाबैत छै । ओई घटनासभ मे सँ, सरकार सँ वितरण भेल राहत सँ सम्बन्धित (१६%), बजारमे होबवला अनियमितता सँ सम्बन्धित (८%), बन्दाबन्दीके विरुद्धमे (३९%), पूर्वाग्रह आ भेदभाव सँ सम्बन्धित (१०%) आ क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनस सम्बन्धित (१०%) घटनासभ छल । दर्ता भेल जम्मा घटना मे सँ १४८ टा घटना हिंसात्मक छलै । जै मे सँ, २३८ कोई घाहिल भेलाके साथे २ कोईके मृत्यु भेल छलै ।

ई घटनासभ दुनु, सरकार आ नागरिकके गैर जिम्मेबारीके कारण घटल छै । लेकिन, किया घटलै से प्रश्न महत्वपूर्ण छै । किया लकडाउनके समयमे ई घटनासभ घटल त ? किया नागरिकसभ सरकारद्वारा तय कएलगेल नियमके पालना कर छोडीक बेसी आक्रामक भलरहल छै त ? एहन घटनासभके रोक/न्युनिकरण कर सरकारके भविष्यमे आँकडाके विश्लेषण केनाई जरुरी छै । सरकारके जवाफदेही बनावके लेल नागरिक गैर जिम्मेबार बैनरहल दृष्य बढिया संकेत नै करैत छै । तै सँ अई विषयके सरकारके प्राथमिकतामे रखनाई जरुरी छै।

Source: https://nepalmonitor.org/

# श्रमिक संगी

Shramik Sanjal

## खाडीसँ नेपाल एलापर ५ दिन आ आरो देश सँ एलापर १० दिन अनिवार्य होटल क्वारेन्टाइनमे रह परत

• जुन ७ सँ दोहा-काठमाण्डौ हरेक सप्ताह सोमदिन उडान होबवला भेलाके बाद नेपालमे रहल कतार भिषा सेण्टर खुलतै ।

• वैदेशीक रोजगार विभाग अखन अनलाईनसँ श्रमिकसभके पुन: श्रम स्विकृती प्रदान करहल छै, लेकिन बायोमेट्रिक नै भेलसभके लेल भौतिक रुपमे उपस्थित भलक बायोमेट्रिक देव पड़त । अईके लेल सप्ताहके १ दिन बुधदिन वैदेशिक रोजगार विभाग ताहाचल खुला रहतै ।




• खाडी आ मलेसियासँ नेपाल एलापर अनिवार्य ५ दिन होटल क्वारेन्टाइनमे रह पड़त त, आरो देश सँ एलापर १० दिन होटल क्वारेन्टाइनमे रह पड़त । क्वारेन्टाइनमे रहके खर्च दैनिक ३ हजार सँ उपर परत ।

### युएई:

• कोनो प्रकारके समारोह तथा प्रदर्शनीमे जायके लेल अनिवार्य कोभिड-१९ के खोप लगेने होब पड़त ।

• बन्द कलक धियापुताके गाडी भित्तर छोड़लापर १० वर्ष जेल सजाय आ १० लाख दिरहाम तक जरिवाना लागत ।

• अबुधावीमे नयाँ भिषाके लेल अनिवार्य मेडिकल टेष्ट कराब परत । नेगेटीभ रिपोर्ट आबवलाके हकमे मात्रे भिषा प्रकृया आगु बढ़त ।

### कुवेत:

• कुवेतके भिषा भेल आ कम जोखिम भेल राष्ट्रके आप्रवासीसभके कुवेतमे लगाएल जायवला ५ प्रकारके खोपसभ (ब्कतचबश्भलअब, इहायचम, एाष्शभच, :यमभचलब आ व्यजलकयल ७ व्यजलकयल) मे सँ घटिमे एक खोराक खोप लगेनेसभके कोटा प्रणालीमे कुवेत फिर्ता आनके तैयारी भलरहल ।

• कुवेत अन्तरराष्ट्रिय हवाईपटटीमे जुन १ सँ आबवला यात्रीसभके २ केडी आ कुवेत छोड़वला यात्री सँ ३ केडी हवाईपटटी शुल्क लेनाई शुरु केने छै । टिकट काट्कालमे यात्रीके ट्राभल मार्फत ऊ शुल्क तिर परतै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

LIVE

# खिस्सा किनाराके

## २४ सो घण्टा बिमारीके सेवामे खटवला स्वास्थ्यकर्मी अपने संक्रमित भेलापर अकेले

कोभिड - १९ के पहिल लहरके संक्रमण विश्वव्यापी रुपमे फैलला संगे दोसरके देशमे रोजगारी कलरहल नेपाली स्वदेश फिर्ता आब लागल । विशेष कलक भारतमे सीमानाका होईत नेपाल प्रवेश करवलाके भीड नै सम्हारल जायसकवला छलै । ओही नाकासभमे सँ एकटा नाका छै धनगाढीके गौरिफन्टा नाका । ओत स्थापना कएलगेल स्वास्थ्य सहयोग केन्द्रमे चौबिसो घण्टा खटवला एकटा स्वास्थ्यकर्मी छैथ धनगाढी उप-महानगरपालिकामे अहेबके रुपमे कार्यरत दिपक सुनार ।

नयाँ किसिमके संक्रमण अचानक फैलला सँ जरुरी पूर्वाधारके कमि भेला सँ कमे जनशक्तिके बहुते काम कर परैत छलै । कमे जनशक्तिके हजारोके संख्यामे प्रदेशमे आबवला आदमीसभके पि.सि.आर परिक्षण सँ ललक क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन समेतके कामसभ करके बाध्यता छलै । ऊसभ किरायाके मकानमे रहैत छलैथ ।

> दिनभैर काम कलक राईतमे कोठलीमे फिर्ता एलापर किराया नै देने आ अपनासभके सेहो कोरोना लगादेत कहिक हुनका घरपठ्ठी घर सँ निकाईल देलक । दोसर जगहपर कोठली खोजलापर कोई भी कोठली नै दलक आ कोठली भेठलाके बादो किराया तिर पैसा नै भेलापर ऊ अनेक शिक्षालयसभमे





पहिल लहरके कोरोना धिरे धिरे कम होईत गेलापर दोसर लहरके संक्रमण अचानक भयावह रुपमे फैलल । फेर प्रदेशमे आबवलासभके संख्या बढ लागल । संक्रमित होबवला आ मरवलासभके रफ्तार सेहो दिन प्रतिदिन बढ् लागल । ईहे लहरमे ऊ सेहो संक्रमित भेलैथ । परिवारके साथ आ सहयोगके जरुरत भेल समयमे ऊ २० दिन बन्द कोठलीमे अकेले रहलैथ । ओईसँ हुनका मानसिक तनाव भेलै । ३ बेर तक पि.सि.आर परिक्षण केलाके बाद रिपोर्ट नेगेटीभ एलै । निक भेलाके दोसर दिन सँ अपन काममे फिर्ता एलाह । फेर सँ बिमारीके सेवामे एला सँ अपन मानसिक तनाब बिसैर गेलाह ।

अपन जानके पर्वाह नै कलक बिमारीके सेवामे बटवला दिपक सुनार सीमित जनशक्ति आ पूर्वाधारके कारण पि.सी.आर. रिपोर्ट अबेर सँ एलापर रोगीसभके नातेदारके आक्रमण सँ कनिके सँ बचलाह । लेकिन, तैयो हुनकर बिमारीसभके सेवामे दिनराती खटके मनोबलमे कमी नै आएल छै । अखन ऊ नियमित रुपसँ धनगाढी उप-महानगरपालिकाके १९ ओ वडासभमे घरमे एकान्तवासमे रहलसभके घरघरमे जालक जरुरी परवला दवाईसभ पहुचारहल छैथ ।

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात



## दलबहादुर लामा (डिबि)

अध्यक्ष,
रोशी गाउँपालिका, काभ्रे

वितल वर्ष सँ हमसभ किछ पाठ सिखलाके बादो दोसर चरणमे कहल जेहन काम कर नै सकल छी । तैयारी केलाके बादो गामगाममे बहुते संक्रमण देखाय लागल छै । अई अवस्थामे केन्द्र, प्रदेश आ स्थानीय सरकारसभ न्यूनीकरणके लेल काज कए रहल छै, लेकिन कोरोना विरुद्ध करैत आबिरहल प्रयाससभ कहल जेहन सफल नै भेल छै । ई अनिश्चित आ रुप फेर रहलाके कारण जनमानसमे लम्वा समयतक असर कर सकैय, तै सँ सेहो आम समुदायके ई महामारी विरुद्ध एक जुट भलक लइ परत से देखाईत छै ।

कोभिडके पहिल आ दोसर लहरमे बहुते फरक अनुभव भरहल छै । पहिल लहरमे ओत बेसी संख्यामे संक्रमितके जान नै गेल छलै । लेकिन, अखनके स्थिती भयावह बनल छै । अस्पतालमे अक्सिजनके अभावके कारण रोगीके हमरा बचाऊ कहलाके बादो किछ करके अवस्था नै छै । अखन एक सप्ताह एम्हर अस्पतालमे आइ.सि.यु. आ भेन्टिलेटर खाली होईत गेल छै । धिरे धिरे संक्रमण कम होईत गेल छै कि से अनुभव भेल छै । लेकिन, विषाणु कखन कोन रुप लेत से पता नै भेला सँ सावधानी अपनेनाई ओतबे जरुरी छै ।

## अनु अधिकारी

आइ.सि.यु. ईन्चार्ज,
गण्डकी मेडिकल कलेज, पोखरा



# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड़ दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्र स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्र नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।



Brought to you by:

accountabilitylab communities

### DISCLAIMER

*अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।*

### REACH OUT TO US ON


@CivicActionTeams

@civacts

@CivActs

Civic Action Teams

/accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org

Phone: 9851203219